# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–23 अप्रैल 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर में ईको पार्क आ नौसढ़–मलौनी फोरलेन सड़कि के सथहीं एक हजार पचपन करोड़ रूपिया के लागति वाली चारि सौ सत्तानवे विकास परियोजनन क लोकारपण आ सिलान्यास कइलें। येह मौका पर उहां के राप्ती नदी के किनारे एकला बंधा पर कचरा क निस्तारण कइ के बनावल गइल ईको पार्क के विकास खातिर नगर निगम क सराहना कइलीं।

***अब जहां कूड़ा था वहां एक आधुनिक ईको पार्क बन गया है और यह केवल एक पार्क नहीं है बल्कि गोरखपुर नगरवासियों के लिये एक टूरिस्ट डेस्टिनेशन भी बन गया है, जहां लोग आकर पिकनिक मना सकते हैं। ये जो परिवर्तन आया है ये केवल परिवर्तन नहीं है ये गोरखपुर की मजबूत विश्वास और यहां की टीम की दृढ़ संकल्प का प्रतीक भी है।***

श्री योगी कहलें कि हम्मनी के लइकन के रिड्यूस, रीयूज एण्ड रि–साइकल के सथहीं वेस्ट टू आर्ट के बारे में जागरूक करे के होई। मुख्यमंत्री बनि रहल डोमिनगढ़–माधोपुर बंधा से महेसरा पुल तक ले फोरलेन सड़कि आ डोमिनगढ़ में बनि रहल रेल उपरिगामी पुल–आरओबी क निरीक्षणो कइलें।

एहसे पहले मुख्यमंत्री आजु सबेरे गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दरसन कार्यक्रम में करीब दुइ सौ लोगिन क समेस्या सुनलें। उहां के सम्बन्धित अधिकारियन के जनसमेस्या क जुरते निस्तरण करे क निरदेस दिहलीं।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलें कि रेल पटरियन कै आधुनिकीकरण से एगो तेज आ ढेर भरोसामंद नेटवर्क बनि रहल हौ। एगो अंगरेजी दैनिक में रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव के ओरि से लिखल गइल लेख के सोसल मीडिया पर साझा करत श्री मोदी कहलें कि पटरियन क नवीनीकरण, उन्नत परीक्षण आ मसीनीकृत रख–रखाव से जतरा के गुणवत्ता में सुधार भइल बा आ गति में बढ़ोत्तरी सुनिस्चित भइल हौ।

**********

केंद्रीय माध्यामिक शिक्षा बोर्ड–सीबीएसई दसवीं परीक्षा–दुइ हजार छब्बीस कै दुसरका फेरा पनरह मई से आयोजित करी। ई परीक्षा वैकल्पिक हौ आ जवन विद्यार्थी पहिला फेरा में पावल अंक के सुधारल चाहे लें ऊ इ परीक्षा दे सके लें। सज्जो पास विद्यार्थी विज्ञान, गणित, सामाजिक विज्ञान आ भासा में से कउनों तीनि बिसय में आपन प्रदर्सन सुधारे बदे परीक्षा दे सके लें।

**********

उत्तर प्रदेश माध्यमिक शिक्षा परिषद–यूपी बोर्ड क हाईस्कूल आ इंटरमीडिएट परीक्षा क नतीजा आजु घोसित कइ दीहल गइल। बोर्ड मुख्यालय में सभापति डॉक्टर महेन्द्र देव आ सचिव भगवती सिंह संयुक्त रूप से परीक्षा के नतीजा क घोसणा कइलें। एगो रिपोर्ट–

***इस साल यूपी बोर्ड ने मूल्यांकन के बाद रिकॉर्ड 20 दिनों में हाईस्कूल और इंटरमीडिएट परीक्षा परिणाम घोषित किया है। घोषित परिणाम के मुताबिक हाईस्कूल में 90.42 फीसदी परीक्षार्थी, जबकि इंटरमीडिएट में 80.38 फीसदी परीक्षार्थी उत्तीर्ण हुए हैं। हाईस्कूल में छात्रों के उत्तीर्ण का प्रतिशत 87.30 और छात्राओं के उत्तीर्ण का प्रतिशत 93.76 रहा है। वहीं इंटरमीडिएट में छात्रों के उत्तीर्ण का प्रतिशत 75.04 और छात्राओं के उत्तीर्ण का प्रतिशत 86.32 रहा। हाईस्कूल में 97.83 फीसदी और समान अंकों के साथ कशिश वर्मा व अंशिका वर्मा ने परीक्षा टॉप की है। इंटरमीडिएट में 97.60 फीसदी अंकों के साथ शिखा वर्मा ने टॉप किया है। प्रयागराज से प्रवीण मिश्र की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

मिर्जापुर जिला के ड्रमण्डगंज थान्हा क्षेत्र में बड़का घुमान के लग्गे काल्हि देर संझा एगो बेकाबू ट्रक कै तीनि गो अलगि–अलगि गाड़ियन से भइल टक्कर में मरे वालन क संख्या बढ़ि के बारह हो गइल बा। हमरे मिर्जापुर प्रतिनिधि बतवलें कि अस्पताल में भरती ट्रक डराइबरो क आजु इलाज के दौरान मउति हो गइल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, उपराष्ट्रपति सी. पी. राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दुरघटना में मारल गइल लोगिन के प्रति गहरा दुख जतवले हवें। श्री मोदी प्रधानमंत्री राष्ट्रीय राहत कोष से मृतकन के परिजन के दुइ–दुइ लाख रूपिया आ घाही लोगिन के पचास–पचास हजार रूपिया क अनुग्रह रासि दीहल गइले क घोसणा कइलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो मृतकन के परिजन के दुइ–दुइ लाख रूपिया क आरथिक सहायता दिहले क निरदेस दिहलें हवें।

**********

पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालय पेट्रोल अउरी डीजल के दाम में सम्भावित बढ़ोत्तरी से जुड़ल कुछु समाचारन क खंडन कइले हौ। मंत्रालय साफ कइले हौ कि सरकार के सामने अइसन कउनों प्रस्ताव बिचाराधीन नाही बा। मंत्रालय कहलस कि अइसन खबरि लोगिन में डर आ दहसत पैदा कइले के उद्देस्य से फइलावल गइल बा आ ई दुर्भावनापूर्ण अउरी भ्रामक हौ।

**********